Щыхубэм куэдрэ зыри жиІакьым. 90 гъэхэм зыхэта факьырагъэм евгъапщэмэ, улахуэхэм машІэу зэрыкъхьуэр, Киттаймкьэрал кьэпшыпхэмрэ «Буш и лъакьуэхэмрэ» зэрыпудыр кьэпІныгтэмэ, гъащІэр ефІэкІуа хуэдэу зыкьомым щыащыкьурт. Олигарххэм я гъуэгу властри зыгъэрэхэм есат: щыдагъэмрэ газымрэ кьыщІаха ахьшэм щыщ тІэкІу щыхубэм кьыхуашИуэ, гуфІэгъуэ Іуэхуэхэр кьыззэрегъэпэщу, спорт зэхьэзэхуэхэр зэтрихуэхуэ, Лужков хуэдэу щыхуэхэм яхьыхьэу, Экраным ирыгтэжьым щыхубэ дахэхэр, «мент» акьылыфІэхэмрэ банДит нэжэгужэхэмрэ...

Властымрэ щыхубэмрэ нэхьри зэпэжьжьэ зэрыхьум тепсалъыхьыр машІт. Ди кьэралым и щыхуэхэр я псэукІэкІэ нэгъуэщІ кьэралхэм щыпсэухэм хуабжьу кьыззэрыкІэрыхуам и гугъу зыщІар нэхъ мащІэт. ЛІэным куэд имыІэжу Гайдар Егор кьэрал пэрытхэм ильэс 50-кІэ дакьыкІэрыхуауэ жиІар тетыгъуэр зейхэм зэхамыхьа нэпІуІ защІащ. Тхьэжь, зыхуейр ящІэу, гугъу зрамыгъэхьу псэууэ еса кьулькъущІэхэм, хэбгъэзыхьмэ, гу льатакьым кьалъыкьуэкІа щынагъуэм. Арати, псори щІэгъэзэкІуэжьыфыну зэманыр благъэкІащ.

Болотнэ утыкум, Сахаровым и проспектым кьыщыхъуахэр жэщ уэмым кьэІуа уафэгъуагъуэм хуэдэт: дэнэ кьыздикІар? Сыт кьызыхэкІар? Хэт тезыгъэгушхуар? КьулькъущІэкІэр мы Іэхуэм хуэхьэзырт зэкъым.ИпэгуэкІэ абыхэм жаІэрт щыІэуэльауэр Москва щыІдамрэ зи ныбэм из хьуа Петербургрэ я закъуэу, утхэм щызэхэсхэр зи акьылыр зэтемыс щыхуэхэрауэ.

Псом хуэмыдэу зыпэмыпІла Іуэхуу кьыщІэкІащ политикэм хэмытыххэу кьалытэ кьалэхэмэ я уэрамхэм щыхуэхэр куэду зэрыдыхьар. Политик гужьеяпэм жаІащ демократизацэм зэрыхуэжІуэну щыкІэм теухуауэ нэхъ гупсысэфІ кьызэзылъхьэхэм я зэпеуэ ирагъэкІуэкІыну, дыгъуасэ ныкьуэделкІэ эращхэр хуит ящащ партхэр кьыззэрагъэпэщыну, «Урысей зэкьуэтыр» кьыжьэдакъуащ: гурагъэІуащ зэмэ и пІэ исмэ, зэрынэхъыфІыр.

Зы гушыІэрэй гуэрым «АиФ» газетым кьитха письмом дыкьыщоджэ: «Хэхьыныгъэ Іуэхуэхэр мазэ-мазитІкІэ нэхъ кІыхь ящІамэ, дыунат. Кьэралым и фІыгъуэхэм щыщ щІыхубэм зэрыльагъэсыным, губернатор дыгъуасэр я кьулькъуэхэм зэрыртрахум, я мыльку льапсефхэм налогхэр тралъхьыну кьулькъущІэхэр зэрагъэшынэм теухуа хьыбархэр зэхэтхыну гуапэщ.

АпхуэдэхэмкІэ дагъэгугъэу куэдрэ екІуэкІыну? Мазэ нэхъ дэмыкІыжу ЖКХ-м и Іуэхутхъэзэхэм я уасэхэр дэмыкІуенну, тхъуийр аргуэру льапІэ мыхьужьну пІэрэ?

КОСТИКОВ Вячеслав.
«Аргументы и факты».

● Бжьыгъэхэр

Фадэр гъащІэм хэсы

- Ижь ильэс 20-м Урысейм автомобиль щызэІэхэм я бжьыгъэм хуэдизплІкІэ щыхэхъуащ, абы щыгъуэми, ди хэкъуэгъуэхэм фадэм трагъэжІуэдэр хуэдэ зыІэ ныкьуэкІэ нэхъ мащІэ щыхъуащ, - щыжиІащ пресс-конференцыем УФ-м СтатистикэмкІэ и къэрал комитетым и унафэщІ Суринов Александр. Мыри узыгъэгуфІэ Іуэхуу: Урысейм гъащІэшхуэ зиІэжьм я бжьыгъэм щыхэхъуащ. 1989 гъэм зи ныбжьыр ильэс 90-м щІигъуэр зэрыхъур щыху мин 209-рэт, мы зэманым мин 297-м щІегъу. АрщхьэкІэ, дызыгъэпІейтей Іуэхуи щыІэщ - зи ныбжьыр зы ильэсым нэмыса сабийхэм я бжьыгъэм зи гугъу тщІы лъэхъэнэм хуэдэ зыРз ныкьуэкІэ хэщІащ.

Автомобилхэм я гугъу пщІымэ, 1990 гъэм щыху мин кьэс апхуэдэ техникэу яхуэзэр 58-рэт, 2010 гъэм а бжьыгъэр 228-м нэсащ.

ГРИЦЮК Маринэ.
«Российская газета».

● Сирие

Мы зэманым дуней псор топсэлъыхь Сириием кьыщхъэщыхьа щыпкІэ ящІэнагъуэм. АрщхьэкІэ а къэралым и президент Асад Башар икІуэтыркъым икІи сыт щыгъуи зэпІэзэрытщ. Мы сурэтым фэ щыволъагъу конституэцІэм теухуа референдумым езым и щхьэгъусэ Асмэ щыгъуу абы Іэ зэрыщыІэтыр.

● Къулыкъухэр

Шэнтжьейр зыфІэкІуэдахэр

Примор крайм и губернатор Дарькин Сергей и къулыкъым трагъэкІыным щыху куэд пэпТэрт. Пэжу, Кремлым щыжаІащ ар «езым фІэфІу» икІи «и узынщагъэр зэрымыщІагъуэм кьыхэжьІыу» губернаторыгъэм пыкІауэ. Ауэ зыми пэч кьытрихьэркъым Дарькиным пэЗу тхьыгъ итхыну ищхьэкІэ кьыхэзрыщыгъракъуэзам.

МЫ ІУЭХУР ирахьэлІэ щыналъэм коррупцэм зэрызыщиубгъуамрэ дыгъэзыгъэ хэхьныгъэм «Урысей зэкьуэт» партым Іэуэ хуаІэтар зэрымащІэмрэ (процент 33-ми нэсыркъым). Йужьрей щхьэусыгъуэ хъуа хуэдэу ягъэІу Путин Владимир и нэгъабзрей «линие занщІэри». Абы щыІуэ зы хьэрычэтышІэ лэжьакІуэм кьыжьрІат: «Дарькин зи пашэ кьулькъущІэхэм дэ ди кьэкьІэ мыльку зраратэфалІэ». Путиным кьигъэгугъащ ар зэхигъэкІыну. Абы щигъужащ крайм щІэпхъаджагъэм зэрызыщиубгъуар - «мыбы аэр щынэхъыбэщ дэнэ щыналъэми нэхъ». Иджы Дарькиным и жагъэгъуэхэм губернаторыгъэр зыфІэкІуэдам игу псори кьагъэкІыж: хьэжьвакъэжьышхэм я ныбжьэгъуэ зэрыщытари, и щхьэгъусэ, край тетыгъэ и актрисэ Белоброва Ларисэ 2010 гъэм сом мелард 1,1-рэ(!) кьызэрилъэкьари.

ЖыпТэнщи, Дарькин Сергейщ губернаторхэр Іэ ІэткІэ хамыхьэж хъуа нужькІэ, президентым я къулыкъум кьэрал псом щыяпэу игъэувар.

Ауэ абы и закъуэкъым зи щІэр ехуэхар. Псалъэм и хьэтыркІэ, иджыблагъэ яухащ Тулэ областым и губернатору щыта Дудкэ и Іуэхур зэхагъэкІын. Ар игъэкъуащи Іулъхьэу сом мелуан 40 кьыІихауэ. 2011 гъэм и кьулькъум трахуа нужь, ар «Урысей зэкьуэт» партым хагъэкІащ. Иджы кьыдэкІ мыхьуу щопсэу областым щыщ Хомяковэ кьуажэм. 2010 гъэм и бжьыхьэм Москва и мэрым и щэнтжьейм ирагъэкІащ Лужкови. Пэжщ, зэкІэ ар хабзэхьуэмэхэм ягъэпІейтейкъым. Илъэс 18-кІэ кьалэ Іэтащхьэу щытар и кьулькъум трагъэкІащ, «дзыхь зэрыхуамыщІыжьым кьыхэжьІыу». Абы и пэкІэ апхуэдэ дзыхь хуащІыжакъым Коряк, Ненец автоном округхэм я губернаторхэу Логиновымрэ Бариновымрэ (нужьрейр и кьулькъум тету ягъэтІысауэ щытащ). 2007 гъэм жаІащ Амур областым и губернатор Коротков дзыхь зэрыхуамыщІыжьыр. Нужьыр ар ягъэкъуаншэу зэуэ зэпоненду Іуэхунщ кьаІэтащ. Абы нэхъэр нэхъыфІу кьыщІэкІакъым а кьулькъур зыІэрыхьа Колесоври. 2008 гъэм ари губернаторыгъэм пыкІын хуей хъуащ щыгъэжьану пэщыр зыхуэІ хунгъэзэным сом мелуан 100 - 150-рэ -тригъэкІуэда- нужь.

Мы гъэм и щыщыІэм махунплІ я зэхуакуу я кьулькъухэм трагъэкІащ Архангельск, Волгоград областхэм я губернаторхэу Михальчукрэ Бровкерэ. И щхьэусыгъуэр -Урысей зэкьуэтым- Іуэ хуаІэтар зэрымащІэм и мызакъуэу, щыналъэхэм ЖКХ-м и Іэнатіэр зэрыщыхьэлэчри араУэ жаІэ.ИпэгуэкІэ Архангельск областым и депутат гупым кьаГъэват коррупцэм егъэщылІауэ кьэхъеІ кьаугъэхэм, экономикэ Іэнатіэр зэрымыщІатъуэм кьыхэжьІыу губернаторыр и пІалъэр кьэмысу и кьулькъым трагъэкІыну.

Хэт зи гугъу тщІахэм я лъэужьыр зыхунар? «Урысей зэкьуэт» партым дзыхь хунщІыжьыкъым Саратов областым и губернатор Ипатовым. Ягъэхъыбар абы Президентым и Администрацэм и унафащІым и ягъэ кьуэдэз Володиныр хуэмыарэзыуэ. Я Іуэхур хэпльэгъуэщ Киров областым и губернатор Бельхэрэ (Путинрр абы техъущІыхьащ ЖКХ-м и уасэхэр щІыналъэм зэрыщІыдзыжьрей кьыхэжьІу) Ивановэ областым и Іэтащхьэ Менрэ. Иджы дыдэ газетхэм тradзащ и кьулькъум текІыну хуейуэ Пермь крайм и губернатор Чиркуновым итха лъэІу тетыгъ Кремлым щІэпсу. Губернаторым и блыгущІэтхэм я хьыбарыр пщІыуэ жаІэ.

НЕТРЕБЭ Татьянэ.
«Аргументы и факты».

● Ингуш Республикэ

Я нэхъыжь дыдэр

Ингушым и Кантышевэ къаІэм щопсэу хьэжьщІ щыІа цІыхубзхэм я нэхъыжь дыдэ Дзадизиевэ Мадинэт, Гъатхэпэм и 8-м абы и ныбжьыр ильэси 111-рэ нрикъуащ.

МАЗЭ зыбжанэ и пэкІэ абы гъэзэуанэ кІыхь эпичащ - Мэкъэ жьажьэм хьэжьыщІ щыІащ. Абы нужькІэ фызыжьыр дуней псом цІэрыІуэ щыхъущ. Хьэжьщ щыІа псоми ар я нэхъыжьт. И щІалэгъуэр Мадинэт Къэзахьстаным щигъэжІауащ. Зыпхъыр къуищрэ ипІащ: и щхьэгъусэр Лащ, ахэр сабийуэ. Лэжьыгъэ хьэлъэ щышынакъым - гъэзгуэр игъэкъэбзащ, ухуэныгъэ Іэнатіэм пэрытащ. Іэмал зэрагъэуту, Дзадизиевэ Ингушым ягъэзэжащ.

Мадинэт иджы Кантышевэ кьуажэм щопсэу, и кьуэрылъку Магомед и гъусэу. Абыхэм ябгъэдэсщ Магомед и кьуитІри. Абы и пхъурылъхуэм я бынхэм я нэхъыжьым ильэс 22-рэ и ныбжьыщ, и пхъур ильэс 75-рэ мэхъу. Мадинэт и дэлъхумрэ и щыпхъумрэ я ныбжьри ильэсищэм ныззрыхьэщ.

И Іыхьлыхэм ящІэжьыркъым Мадинэт зэгуэр хьэльэу сымэджауэ, мастэ хаІуауэ, хущхъуэ ефауэ. ЗыгъэпІейтейр и нэхэм фІыуэ зэрамылъагъэжьырщ. Фызыжьым Москва кьыщепльатти, дохутырхэм ягъэщІэгъуащ абы и узынщагъэр зэрыбдыдр. Абы щыгъуэми, ерыскъы хэпльхьа гуэри ишхыркъым. ГъэшхэкІхэр нэхъ кьещтэ. Шей ефэркъым - абы и пІэкІэ псы пщтыр ireф, фошыгъу кІанэм дедаІуэрэ. Ар абы хьэл хуэхъуауэ кьыщІэкІынущ гъейуэ щыщыта зэманым. Псы щІыІэ фІэфІщ щымахуэ лъэхъэнэми. Морожнэ ишхырейщ.

Ильэс куэдкІэ щІэхъуэпсащ ар Мэкъэ кІуэным. Ислъам диныр, э нэхъ мыхьуми, хьэжьщІ кІуэныр дэтхэнэ мыслымэнми и фарзу кьелыт. Мадинэт пІалъэ кІыхькІэ и пенсэр зэхунхьэсащ апхуэдэ гъэзгу техьэн папщІэ. Хьэжьщ щыкІуам абы щыгъуащ и къуэрылъку Магомед.

Тхьэмахуищым нэблагъэкІэ гъэзгу тетахэщ. А зэман кІыхьым Мадинэт зэпымыуэу Тхьэ елъэІуащ и унагъуэр кьихъуэмэну, и нэхъ нэхъыфІу ялъагъуу ищІыжьыну.

ЛАРИНЭ Алиэ.
«Российская газета».

● Къаугъуэ

ГушыІэкІэ зымыщІэр...

Грецием и радиостанцэхэм ящыщ зым и журналист Трангас Йогарс цІэрыІуэ хъуащ ауаныШхуэ хэлъу зэрыгушыІэмкІэ, хуаёжьу пхъащэуи зэрыпсалъэмкІэ.

АБЫ и «хъым» ихуащ Германием и канцлер Меркель Ангелэ. АрщхьэкІэ, мыбдеж и Іуэху къыщикІакъым: иджы «псалъэ щэрыуэхэр» кьэзыгъэсэбэпым кьуэдмуэ еврэ мин 25-рэ итын хуейщ.

«Сэ ильэс 63-рэ сохъу. АрщхьэкІэ, сэри сахэту, Балканхэм я ипщэ лъэныкъуэм щыпсэу псори дыщхьэхъынэу икІи Дибзаджэу дыкъалъытэ. Абы щыгъуэми, сэ лІэщІыІэгъуэ ныкъуэ хъуауэ жэщи махуэ солажьэ. АтІэ дэ дыщхьэхьынэ?!!»

- Мис апхуэдэу губжьауэ Трангасыр топсэлъыхь Грецием дэІэпыкъуну зымыдэхэм я Іуэху щІэгъуэжауэ. «Дэ псори данПытІ нэмыщэхэм, - жиІащ абы. - Радиор занщІэу цІыхуэхэм яхъэІэс Іэмэпсымэщ. ЗыЗэтУмыІыгъэфу зыгуэрхэр кьыбжьэдэлъэтынкІи зэхуэІуа щыІэкъым. Аращ сэри кьыслышІар. ЖызмыІамэ, нэхъыфІат. Грецием и ЦІыхухэр зыхэт ёвыкьыр ящхьэщыпхьфынукъым сыт хуэдэ псалъэкІи».

ФЕДЯКИНЭ Аннэ.
«Российская газета».

● ЗэпэщІэтыныгъэ

Зыми икІуэтыну и мурадкъым

Белоруссиемрэ Европоюзым и къэрал 27-мэ я зэхущытыкІэхэр хуабжьу зэщІэпльащ. ЛъныкъуитІри хуейкъым зэхуадачыхьну. ЗэкІэ гурыІэгъуэжьым Іуэхур щыдэнсынур.

ЩІЭДЗАПІЭ хъуар мазаем и 27-рщ. ЕС-м аргуэру белорус кьулькъущІэ 19 яхитащ и къэралхэм ягъакІуэ мыхьунухэм я бжьыгъэм. Апхуэдэ щыкІэкІэ нужьрейр 230-м нэсащ, Белоруссием и президентыр я пашэу. Абы щыгъуэми, Брюссель щыжаІащ Минск кьыхъуэгъэза апхуэдэ Іэхуэхэм дяпэкІи зэрыпащэнур. АрщхьэкІэ зи гугъу тщІы унафэр кьыщащта махуэр мазаем и 27-м щІыхуагъэзар кьыгурагъэІуэну ящыгъупщэжащ.

Лукашенкэ Александри зрилъфыхьакъым. Минск ириджэжащ Европэмрэ ЕС-м хэт къэралхэмрэ щыІэ и посолхэр, апхуэдэу Польшэмрэ ЕС-мрэ я лІыкІуэхэм яхуигъэлъэгъуащ «езыхэм я къэралхэм кІуэжу абыхэм я унафэщІхэм Белоруссием кьытракьуэ зэрымыкъунур гурагъэІуэну». Брюссель щыщ кьулькъущІэхэм нужькІэ ягъэкъаншэ кьагъэлъэгъуащ апхуэдэ жэуапым ЕС-р зэрыпэплъар. Европэзаменгтым и Іэтащхьэ Шульц Мартин жиІащ Белоруссием и властхэм ялжьар «ЕС-р зэрагъэбийм щыхьэт техьэу Іуэхуу». ФРГ-м нэгъэщІ кьэралІуэхэмкІэ и министр Вестервелле Гидо жиІащ Лукашенкэ Александр «Европэм и нужьрей диктатору». ЕС-м нэгъэщІ кьэралІуэхэмрэ политикэ щынагъэщІэмкІэ и комиссар нэхьыщхьэ Эштон Кэтрин Брюссель щызэхэщІащи Европоюзым хэт къэралхэм я лІыкІуэхэр. Зэчэнджэщ ежьэ, ЕС-м и къэрал 27-м я посолу Минск щыІэ псори ираджэжащ.

Абдеж щиухащ япэ лъэхъэнэр. Иджы гурыІэгъуэщ абыкІэ Іуэхур зэрызэфІэмыкІар. ЕС-ри Мински икІуэтыжьыфынукъым. Лъэныкъуэхэм яхуэзфІыкІынукъым зыри кьэмыхъуа хуэдэу зэщІуэфІыкІкІи щІадзэжьну. АтІэ сыткІэ иухынкІэ хъуну иджырей зэпэщІэтыныгъэр?

Минск фІы дыдэу кІащыгуроІуэ Европоюзыр Белоруссием зэрыпымыкІыфынур. Псалъэм и хьэтыркІэ, ЕС-м хэзфІэкІакъым езым и къэралхэм «КІуэ мыхьунухэм» «ТрайпІэ» компание гупым и Іэтащхьэ Чиж Юрий хигъэхъэн. Абы хуабжьу тригъэчыныхьырт Словениемрэ Украинэмрэ я къэралым и «Рико» компаниемрэ евро мелуанищ и уасэ зэгурыІуэныгъэ кьрищІылІащ белорус хьэрычэтышІэм. Апхуэдэ щапхъэхэр мащІжьым.

Езы Брюссель зыкІи къытригъэзэфынукъым Минск. Аращи, Европоюзым щыщ кьулькъущІэхэм кІинф фІэкІа нэгъэщІ гуэри кьахуэнжьырыкъым. А щІыпІэм ящІэнагъуэ ягъэкІуэжьыным хьэмщІыкъ аргуэру ягъэкІуэжьыным ахьшэщхэз зэрытрагъэкІуадэр. А мыльку Грешер дефолтым кьегъэльыным хальхьамэ нэхъыфІтэкъэ?

ВОРОБЬЕВ Владислав. *«Российская газета».*

Зыкинэ Людмилэ и дыщэхэкІхэр

сом мелуан 32-кІэ ящэ

● ЩІэин

Иджыблагъэ Москва щащащ уэрэджыкІакІуэ цІэрыІуэ Зыкинэ Людмилэ кьыщІэна дыщэхэкІхэр. Мыбы епхауэ кьаІэта кьаугъэр кьызэрыкъуэфІэ куэд щІащ икІи ар щІэх ирухьну кьыщІэкІынукъым - уэрэджыкІуэм и щІэин кІуэдам теухуа уголовнэ Іуэхур мы гъэм кьаІэтыжащ. Щыгъужьнщи, ящэхуа дыщэхэкІхэр мы зэманым кьаІэпльытэ уголовнэ Іуэхур щызэхагъэкІкІэ тегъэщІапІэ ящІэкъым ящыщу.

ИДЖЫРИ кьэс щэхуакІуэхэр, зыщдахэри, журналистхэри зыгъэпІейтейр зыщ; аукционыр хабзэм ёзэгъыу кьалъэпытарэ кьэмыпытарэ. Москва и Таганскэ районым и ОВД-м аукционыр зэхэсыублахэм захуигъэзат щІэинр ящІэн имыдэу - уголовнэ Іуэхур зэхамыгъэкІауэ, абы зыри ёІуэх зэчунукъым.

2010 гъэм уэрэджыкІакІуэм и дыщэхэкІхэу иджы щІызэныкъуэхэкъуэхэр кьыщагъэтыжауэ щытащ абы и дэІэпыкъуэгъуэ пэжьа Свинковэ и дачэм. ЙужькІэ щІэиныр Іэрыхьащ уголовнэ Іуэхур зэхэзыгъэкІыжьм. АрщхьэкІэ, кьызыхьэкІар мыгурыІуэгъуэ, абы а дыщэхэкІхэр иритащ цІыхубз цІэрыІуэм и дэлъхум и кьуэ Зыкин Сергей.

Мыльку зыІэрыхьам и узчыл Лёвчк Георгий «Голос» аукционыр щыжаІащ дыщэхэкІхэр кьызыкъуахьжа Свинковэ зэрагъэкъуанщэмкІэ тхыль гуэри иджыри кьэс зэрыІэрымыхьар, а мыльку Іуэхур зэхэзыгъэкІым уэрэджыкІакІуэм и Іыхьлыхэм ильэсит и пэкІэ зэрритыжар. Хабзэм игъэбелджылы зэман дэкІри, Зыкин Сергей щІэинир и мыльку хъуащ. «Псори хабзэм сыт и лъэныкъуэкІи ёозэгъ», - щІигъужащ Лёвчк.

Хабзэхъуэмэхэм кьагъэувахэм щхьэкІэ кьэмынэу, Зыкинэ и дыщэхэкІхэр ящащ. Псори зэхэту сом мелуан 31-рэ мин 692-рэ 500-кІэ ящащ - ягъэ ягъэ-лъэгъуэ уасэм хуэдитІкІэ щІигъуу. ЖыгІэн хуейщ щІэиным и кьэкІуэщІыу зызымыщІа гуэрым зэрищэхуар. Ар пэшым щІэсакьым, ауз телефонкІэ къэпсалъэурэ уасэхэр зэпымыууэ дригъэуегащ. СатуущІэхэм жаІащ а цІыхуэхъум Зыкинэ Людмилэ и уэрэдж жыІкІэр хуабжьу игу ирихьу щытауэ. Зыхуеину тхьилъхэр хьэзыр хъуукІэ, дыщэхэкІхэр аукционыр унэм щахъумэнущ.

ДыщыгурыІуэнщ хабзэхъуэмэхэм Зыкинэ и щІэиным теухуа уголовнэ Іуэхур и кІэм нагъэсыну, аукционыр хабзэм ёзэгъэр емызэгъэ жаІэну.

ВЕЛИГЖАНИНЭ Аннэ.
«Комсомольская правда».

Голливуд мэпсэу америкэ хабзэ ящхьэщхьэм тету: зэрыщІыхъухьм е зэрыщІыхубзым, и ныбжьым, зыщыщ лъэпкъым емылытауэ псоми зэхуэдэ Іэмалхэр яІэщ ехъулІэныгъэхэр кьахьыну. Ар белджылы кьытщащІ мы сурэтым щытлъагъу артист цІэрыІуэхэм я зэхэтыкІэм *(ищхьэмкІэ).*

«Дыщэнс зытегъэльэда пщхъэу» саугъэтыр «Артистэ фильмым зэрыщигъэзэщІам папщІэ зыхуагъэфэща Угги хьэ цІыкІури ягъэщІэрэщІэн хуей хъуащ цІыкІуу роль ихьыфІ зэригъэзэщІам кьыкІыжьауэ, лауреат цІэр зыфІаща Джжарден Жани хуэдэу *(ищІагъэмкІэ).*

НапэкІуэцІыр зыгъэхъэзырар ШАЛ Мухьэмэдщ.

Голич Йован кIэух бжыгъэр егъэув.

Япэ дж[illegible]ирщ яхуэфащэр

● Футбол

«Спартак-Налшык» (Налшык) - «Амкар» (Пермь) - 1:2 (0:1). Гъатхэпэм и 12-м. Налшык. «Спартак» стадион. ЦIыху 7000 еп-гъащ.

Судьяхэр Кузнецов, Барышников, Чельцов (псори Мэскву щыщIу).

«Спартак-Налшык»: Будаков, Аравин (Сердзе, 75), Овсиенкэ, Джудович, Хъэгуш (Мкоян, 46), Захирович (Голич, 70), Концедалов, Шанишин, Рухана, Митришев, ГъэущокIуэ.

«Амкар»: Нарубин, Сираков, Белоруков, Смирнов (Бурмистров, 46), Мияйлович, Пеев (Балакич, 85), Коломейцев, Васильев, Новакович, Гришин, Якубкэ (Джалович, 90).

Топхэр дагъэкIащ: Гришиным, 21 (0:1). Бурмистровым, 69 (0:2). Голич, 82 (1:2).

Дагъуэ хуащIащ Джудович, Смирновым, Сираковым, Нарубиным, Блажич.

«В» ГУПЫМ щекIуэкI зэхьэзэхуэм хнубыдэ 34-нэ джэгугъуэр зэхуащIыжащ «Спартак-Налшыкымрэ» Пермь и «Амкар»-мрэ я зэIуцIэмкIэ. Абыхэм я зэпэщIэтыныгъэр налшыкдэсхэм жыдэжэру кIыщIадзащ. ЗанщIу Рухаиа хьэщIэхэм я гъуащхьэхъумэхэм кIапекIуэкIри, топыр штрафноймкIэ хитащ, Псом нэхъ рэ нэхъ лъагэу кьыдэлъеи Митришевыр гъуэм еуащ, ныкIуэкIэ кIыхуигъэжа топым янэу Бурмистровыр нэсащ, арщхьэкIэ гъэмэну техуакьым - топыр дн гъуэм зымащIэкIэ щхьэпрылъэтащ.

ИкIэм-икIэжьм Овсиенкэ хэлъхьэныгъэ хуищIащ «Амкар»-м гитэкIа етIуанэ топым. Новакович кIыхита топыр кIыщIэрыхьа Бурмистровыр кIыкIэлъыкIуэу абы кIыпекIуэкIри, гъуащхьэхъумэм пэжыжьэ пIанэпэм еуащ. Будаковым зы Iэмали иIакьым гъуэм дыхьэ топым кIырагъэтхэзэну - 0:2.

ЩытыкIэр зэпIэзэрыт ищIыжьыт мурадкIэ, Ташу Сергей зэхэзыхьныгъэ зыбжанэ иригъэкIуэкIащ. Апхуэдэу Захировичрэ Аравиныр я пIэкIэ зэкIэлъхьэужьу утыкир дзыхь хуищIащ Голичри Йовани я сэбэн кIыекIащ.

«Спартак-Налшыкым» игъэзащIа угловойм и ужькIэ, хьэщIэхэм я IущIэкIа топыр джэгум кIыхьыхьагъащIэ Голич кIыIэрыхащ. Пасьом пэмыжьыжьу щыт гъуащхьэхъумэныкъуэм зэщхьэщыкIыныгъэр нэхъ мащIэ ищIыжащ - 1:2.

Зэ IущIэм хьэлъэм иригъэша налшыкдэсхэм я футболист щIалэщIэхэр я нужьрей кьарур кIыIэрихькIэ мы зэпэщIэтыныгъэм зы очко нэхъ мыхъуми кIыIэрыхьахыным хуищIэкъуащ. АрщхьэкIэ хьэщIэхэм я гъуащхьэхъумэхэр нэхъ бэшэчу икIи нэхъ Iэ5эу кIыщIэкIащ икIи текIуэныгъэ кIахуэзыхь бжыгъэр яхъумэфащ. Арати, «Спартак-Налшыкыр» аргуэру я кIыхагъэщIауэ мы зэIущIэри ихуащ. Апхуэдэ джэгукIэкIэ ди командэм хуэфащэр япэ дивизионырыц. ИкIэщIпIэкIэ зыгуэр кьэгупсысын хуейщ. Топджэгум кьиринхьэлIахэм я нэхъыбэм кIыIэзэрагъэувымкIэ, тренер нэхъыщхьэр Iэмал имыIэу икIи зэман кIэщIым кIырибудэу хъужажащ. Ди командэр абыхэм зэщIэфиеу ирагъэкIыжащ «Ташу, текI! «Спартак-Налшыкыр» уэ къуэпльхьэжащ», жаIэу кьащIэкIиеу. Абы щыгъуэми зэхьэзэхуэр ихуным ьхьэнжьар джэгугъунпщI кьудейщ.

Томск щыIэу «Волга»-м ефIэкIа «Томь»-р ди командэм нэхъ пэгъунэгъу кIыхуэзыгъэ. ИрагъэкIыжащ «Крылья Советов» (Самарэ) - **1:0.**

КIыкIэлъыкIэ зэIущIэр ди щIалэхэм я гъатхэпэм и 18-м ирагъэкIыжащ. А махуэм ахэр Самарэ кьалэм и щIыпIэ «Крылья Советов»-м щыIэджджэгунущ.

ЖЫЛАСЭ Замир.

ЗэIущIэ нэужьым

БОЖОВИЧ Миодраг, *«Амкар»-м и тренер нэхъыщхьэ:*

Бжыгъэр кIыIэзыхым тепщэныгъэр еубыд

- Хэгъэрейхэм зэIущIэм и япэ дакьикъэ 15-20-р фIы дыдэу ирагъэкIуэкIащ, Митришевым топ дигъэкIыну Iэмал кIыIэригъэпэщащ, - зэIущIэ нэужьым зэхэта пресс-конференцым щыжиIащ хьэщIэхэм я тренер нэхъыщхьэм. - Налшыкдэсхэм янэу бжыгъэр кIыIэIуахамэ, зэпэщIэтыныгъэм нэгъуэщI уиныгъэ иIэфынут, ауэ ди гъуащхьэтетым дыкьиригъэлащ икIи бжыгъэр дэ кIыIэIутхащ. Топ дэдгъэкIам «Спартак-Налшыкым» и лъэр щIидащ, абы кIыхьэкIкIэ тепщэныгъэр дубыдащ.

- Смирновым иIуэта фбжьыр хьэлъэ?

- СыгъэригутэмкIэ, хьэлльэщ икIи операщэ хуэныкъуэну хуэогъэфащэ.

ТАШУ Сергей, *«Спартак-Налшыкым» и тренер нэхъыщхьэ:*

Дыхуэныкъуэщ футболист Iэ5эхэм

- Топ кьытхудагъэкIыи и пэкIэ зэIущIэр зэхуэдэу, дэ зэрыдгъэхьэзырэ щIыпIэм тету екIуэкIащ. ДыкьыхъэжанькIыныи Iэмал хъарзынэ диIащ, арщхьэкIэ абы хуэфащэн кIэух едгъэгъэтыфакьым.

- Сыт хуэдэ щыуагъэ уэ езым пIэщIэкIауэ кьэлыгъэр?

- Топ кьыщытхудагъэкIа щIыпIэм згъэуцIыжащ. Ди командэм и нужьрей зэIущIэхэм мыпхуэдэ бжыгъэкIэ Iэмал имыIауэ: *«А- гупым* - **ЦСКА** (Мэскву) - **«Динамо»** (Мэскву) - **1:1**, **«Зенит»** (Санкт-Петербург) - **«Кубань»** (Краснодар) - **1:1**, **«Рубин»** (Кьэзан) - **«Локомотив»** (Мэскву) - **0:0**; *«Б- гупым* - **«Краснодар»** (Краснодар) - **«Тэрч»** (Грозный) - **1:3**, **«Томь»** (Томск) - **«Волга»** (Новгород Ищхьэрэ) - **1:0**, **«Ростов»** (Ростов-на-Дону) - **«Крылья Советов»** (Самарэ) - **1:0.**

Мы махуэ фи насыпиншэу, мыхуэщIэр фи насып мину, фIым и гъэгуум фытету, фызэкьуэту, фызыхуэйм фи Iэр нэсу, хьуэхьуу кьыфхужаIэр кьыфлъысу фыпсэуну дынывохьуэхьу. ПщIэ зэхуэнIэу, фи нэмысыр лъагэу, фыгуапэу, цIыхугъэр япэ ивгъэщу дунейм фытетщи, а псоми кьапэкIуэ нурыр кьыфхузблэрэ фи жьэгур мыужьыхьу игъэнэхуу, фи быным я гъхьлIэныгъэхэм, абыхэм я щIэблэм я насыпым фи гур дыхэхьуэу гъащIэ тынш, узынщэ кьыззэдвгъэщIэну ди гуапэщи, Тхьэм кьыфхуэзэпищэ!

Нанэ Марурэ, Альбинэ, Надирэ, Даннрэ.

● Хъуэхъу

Налшык къалэ щыпсэу зэщхьэгъусэхэу Мэстафэхэ Вячеславрэ Светланэрэ (Унэгъэхэ янхьущ) зэрызэдэпсэурэ ильэс 25-рэ ирокъурри, дохъуэхьу

Фыуэ тльагъу, пщIэ зыхуэтщI Вячеславрэ Светланэрэ! Зы махуэр фи насыпиншэу, мыхуэщIэр фи насып мину, фIым и гъэгуум фытету, фызэкьуэту, фызыхуэйм фи Iэр нэсу, хьуэхьуу кьыфхужаIэр кьыфлъысу фыпсэуну дынывохьуэхьу. ПщIэ зэхуэнIэу, фи нэмысыр лъагэу, фыгуапэу, цIыхугъэр япэ ивгъэщу дунейм фытетщи, а псоми кьапэкIуэ нурыр кьыфхузблэрэ фи жьэгур мыужьыхьу игъэнэхуу, фи быным я гъхьлIэныгъэхэм, абыхэм я щIэблэм я насыпым фи гур дыхэхьуэу гъащIэ тынш, узынщэ кьыззэдвгъэщIэну ди гуапэщи, Тхьэм кьыфхуэзэпищэ!

Нанэ Марурэ, Альбинэ, Надирэ, Даннрэ.

● Гу зытъыгапхъэ

«Гугъэ» зэпеуэр

«Жан» республикэ жылагъуэ зэгухьэныгъэм иджы япэу ирагъэкIуэкI тхакIэ ныбжьыщIэхэр зыхэт «Гугъэ» зэпеуэр.

1. ЗЭПЕУЭМ И МУРАДЫР

творческэ щIалэгъуалэм ящыщу зэчтэдзэдальхэр къэгъэнэIуныр, ахэр дэIыгъыныр.

2. КIЭЛЭНХЭР

зэчий зыбгъэдалъ ныбжьыщIэхэм я Iэ5эгъэм щыхагъэхъуэн, щрагъэфIэкIэн щытыкIэхэр кьахуэзгъэпэщын;

творческэ, IэщIагъэм ефхэ зэпыщIэныгъэхэр гъэбыдэн;

адыгэ щэнхабзэмрэ литературэмрэ хэIущIыу щIыным хуэлэжьэн.

3. КIЭЛЭГЪЭПЭЩАКIУЭР

«Жан» Къэбэрдей-Балъкъэр жылагъуэ зэгухьэныгъэр

Зэпеуэр зэрекIуэкIым теухуа хуэбырхэр цIыхуэхэм егъэщIэнымкIэ дэIэпыкъуэгъу хъунущ «Адыгэ псалъэ», «Советская молодежь», «Горянка» газетхэр.

4. ЗЭПЕУЭР ЦIРАГЪЭКIУЭКIЫНУ ЗЭМАНЫМРЭ ЩIЫПIЗМРЭ

Зэпеуэр кьыхалъхьэ Адыгэ тхыбзэм и мазхэм - гъатхэпэм и 14-м.

Ар Iыхьищу зэпыдуагъэ екIуэкIынущ:

I Iыхьэ - 2012 гъэм гъатхэпэм и 15-м щыщIэдзауэ фокIадэм и 15 пщIондэ тхыгъэхэр кьыIахынущ.

II Iыхьэ - 2012 гъэм фокIадэм и 15-м щегъэжьауэ жэпуэгъэм и 15 пщIондэ къэпщытакIэ гупыр тхыгъэхэм хэплъынущ.

III Iыхьэ - 2012 гъэм и жэпуэгъуэ мазэм текIуэхэр нэуэ кьащIынущ икIи ягъэльапIэнущ.

ТекIуэхэр щагъэльапIэну пшыхьэр щекIуэкIыну мазхэмрэ щIыпIэмрэ зэпеуэм и кьызэгъэпэщакIуэхэм ябубыхунущ, цIыхубэм абы теухуауэ хьыбар ирагъэщIэнущ республикэ газетхэм, телевидензмрэ радиомрэ.

5. ЗЭПЕУЭР ЗЭРЕКIУЭКIЫНУР

Япэ зэпеуэм хэтыныхэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и тхакIуэ ныбжьыщIэхэрщ (етIуанэ зэпеуэм адрей хэгъэгухэм я творческэ щIалэгъуалэр кьыхалъхьну я мурадщ).

Зэпеуэм хэтынухэм я ныбжьыр илъэс 15-м щегъэжьауэ 25-м нэс кьриубыдэу щытын хуейщ.

Япэ Iыхьэм ирагъэхьынур адыгэбзэкIэ тха тхыгъэхэрщ, ахэр компьютеркIэ тедзауэ, электроннэ жьитхэм иту щытын хуейщ. Зэпеуэм ирагъэхьыну тхыгъэхэр нэхъапэкIэ трамыдзауэ икIи нэгъуэщI зэхьэзэхуэхэм хэмытауэ щытмэ нэхъыбIщ.

Зэпеуэр зэщхьэщыхьауэ щытынущ мыпхуэдэ уэнэтIныгъэхэмкIэ:

1. Усыгъэ.
2. Проза.
3. Драматургие.

Тхыгъэ нэхъ цIыкIухэр (усэхэр, рассказ кIэщIхэр, таурыхьэхэр, нэгъуэщIхэр), псаЛъэм папщIэ, прозэр напэкIэщIущ, усэхэр напэкIуэщIитху нэхърэ мынэхъ мащIэу щытын хуейщ.

Зэпеуэм хэтынум и тхыгъэм и гъусэу кьиГъэхьын хуейщ езым теухуа хьыбар кIащ, апхуэдэу кьигъэльэгъуэнхьэщ и къэпсалъэ.

Дэтхэнэ уэнэтIныгъэмэ япэ, етIуанэ, ещанэ увыпIэкIэр щагъэшынущ.

ТекIуэхэм иратынущ щIыхь тхыльхэр, сагъэхтэхэр.

Уэрэфащэу кьамыльытэмэ, къэпщытакIуэ гупым увыпIэ щхьэхуэхэр ямыгъэувыну хуитщ.

Зэпеуэм кьрикIуэм ипкъ иткIэ, электроннэ тхылъ эхэгъэзэрэнущ, текIуэхэм я тхыгъэхэр республикэ газетхэм кьыгъэдзэнущ.

7. КЪЭПЩЫТАКIУЭ ГУПЫР

Зэпеуэм и кьызэгъэпэщакIуэ комитетым кьыхихынущ къэпщытакIэ гупым хэтынухэмрэ абы и тхьэмадэмрэ. Абы хэтынухэр илъэс къэс яхъужьыкIи хъунущ.

8. КЪЫЗЗГЪЭПЭЩАКIУЭ КОМИТЕТЫР

Зэпеуэм и кьызэгъэпэщакIуэ комитетым и унафэщIщ усакIуэ, драматург, «Горянка» газетым и редактор нэхъыщхьэ, «Жан» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и унафэщI **Къаныкъуэ Заринэ.**

КьызэгъэпэщакIуэ комитетым хэтхэр:

Ширдий Маринэ - «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ

Ныбжьэ Таисэ - Дунейпсо Адыгэ Хасэм и Гъэзэщ1акIуэ гупым Адыгэбзэр хьумэныкIэ зыуэ щыт адыгэ альфбей зэхэгъэувэныкIэ и комитетым хэт

Щомахуэ Залинэ - КъБР-м и ТхакIуэхэм я союзым и секретарь-референт

КIуж Иннэ - КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм и пресс-секретарь

ЦIыкIэмыщI Иза – «Адыгэ псалъэ», «Советская молодежь» газетхэм я корреспондент

Гумэ Маринэ - Профсоюзхэм щIэнхабзэмкIэ я инэм и режиссер нэхъыщхьэ

Хьуажэ Жаннэ – «Къабардей-Балъкъэр» ВТК-м и адыгэбзэ нэтынхэр езыгъэкIуэкI

Печоновэ Наталье - «Горянка» газетым и корреспондент

ХэщIапIэр:

Налшык къ. Лениным и цIэр зезыхьэ уэрам, 5 «Горянка» газетым и редакцэ

Телефон: 42-21-25

E-mail: zchun@list.ru

Налшыкдэсхэм я еБгъэрыкIуэныгъэ мащIэхэм ящыщ зым.
Сурэтхэр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

Урысей Федерацэм футболымкIэ и премьер-лигэм зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр

«А» гупым

Командзхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1. «Зенит»	**34**	**18**	**13**	**3**	**64-29**	**67**
2. ЦСКА	**34**	**16**	**13**	**5**	**63-36**	**61**
3. «Динамо»	**34**	**17**	**8**	**9**	**54-35**	**59**
4. «Спартак»	34	16	11	7	52-35	59
5. «Локомотив»	34	16	9	9	52-34	57
6. «Рубин»	34	15	12	7	45-29	57
7. «Анжи»	34	15	11	8	41-33	56
8. «Кубань»	34	14	9	11	41-33	51

«Б» гупым

Командзхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
9. «Краснодар»	34	12	9	13	43-48	45
10. «Ростов»	34	10	9	15	36-48	39
11. «Тэрч»	34	10	8	16	33-49	38
12. «Амкар»	34	9	10	15	27-43	37
13. «Волга»	34	9	4	21	26-44	31
14. «Крылья Советов»	34	7	10	17	23-46	31
15. «Спартак- Налшык»	**34**	**6**	**9**	**19**	**29-46**	**27**
16. «Томь»	**34**	**5**	**9**	**20**	**21-62**	**24**

Я джэгугъуитI зэхуэдэкъым

ЩIалэгъуалэ зэпеуэ

«Спартак-Налшык» (Налшык) - «Амкар» (Пермь) - 2:4 (0:2). Гъатхэпэм и 11-м. Прохладнэ. «Центральный» стадион. ЦIыхум 100 еп-гъащ.

Судьяр Федотов (Мэскву).

«Спартак-Налшык»: Антипов, Балэ, Мырзэ, Ковальский, Щэуей, Хьэгъабанэ (Мэкъуауэ, 70), Гъуфф (ПIуп, 55), Тебэрды, Абазэ, Iэщым, Болэ.

«Амкар»: Опарин (Данилов, 87), Мыошкович, Кричмар, Моловцев, Цискаридзе, Рябокобыленкэ (Пермяков, 90), Панцырев, Смородин (Кочкин, 68), Андриевский (Романенко, 87), Субботин (Козлов, 62), Сиротин (Рудаков,16).

Топхэр дагъэкIащ: Смородиным, 34 (0:1). Субботиным, 45 (0:2). Мырзэм, 48 (1:2). Балэм, 53 (2:2). Рябокобыленкэ, 58 (2:3). Андриевскэм, 60 - пенальтикIэ (2:4).

Дагъуэ хуащIащ Цискаридзе, Панцыревым, Балэм.

Джэгум кьыхахуащ Кричмар.

НОВГОРОД ИщхьэрэщIыIэу щIыпIэ «Волга»-м 2:1-уэ текIуэху къэзыгъэзэжа ди щIалэщIэхэм я стадионым дышдгъэуфIэну дашдгъугъат. А гугъэфIэхэр щIигъэбыдат налшыкдэсхэм жыжьэру кьызэрыщIадзамрэ хьэщIэхэр епщыкIущащэ дакьикъэм щегъэжьауэ зы щыхукIэ нэхъ мащIэ зэрыхъэмрэ - ди гъащIэуэхэм япэмыльэщ

Кричмар футбол хабзэр гъащIэу кьызэпиудащ икIи джэгум кьыхахуащ. АрщхьэкIэ...

«Амкар»-м и щIалэгъуалэ гупым зыкъэзэрэ зэхьумэжащ икIи напIэзэпIэм зыкьызэхъуэхри, джэгум и япэ Iыхьэм и кIэухым топитI кьытхудагъэкIащ. Ар хэгъэрейхэм я дежкIэ зыкIи кьемыдзагъынт.

Зыгъэпсэхугъуэ зэманыр ди щIалэхэмрэ абыхэм я тренерхэмрэ пщIэнэмэ ягъэкIуэдакьым. Джэгуныр ирагъэкьэжри дакьикъи 8 дэкIуэу арат Мырзэмрэ Балэмрэ зэкIэлъхьэужьу кьыхэжанэкIыу, бжыгъэр зэкуэдэ щыхъужкам. АдакIэ «Спартак-Налшыкым» тепщэныгъэр имыутIыпщынчу ущыгугъ хьунут. Ауэ, аргуэрыжьэ, хьэщIэхэр яIэщIэкIащ икIи дакьикъитIым зыкIыбзэу щытитI кьыдрагъэзэкIащ. Абы и ужьыгъ псори гурыIуэгъуэ хъуащ - ди щIалэхэм адэкIэ зыкьызэрыуажьын хьарыр якъуэльыжтэкъым.

Иджы щыгъуэзэ фахуэтIыпщ адрей щIалэгъуалэ командзхэр зэрызэпIущIам кьарикIуэ бжыгъэхэм: *«А» гупым* - **ЦСКА - «Динамо» - 0:3, «Зенит» - «Кубань» - 1:1, «Рубин» - «Локомотив» - 0:1, «Анжи» - «Спартак» - 0:3;** *«Б» гупым* - **«Краснодар» - «Тэрч» - 2:1, «Томь» - «Волга» - 1:2, «Ростов» - «Крылья Советов» - 3:0.**

МЗЭКУЧ Къанщобий.

● КъБР-м щыIэ МВД-м къет

НаркотикхэкIхэр къытрах

Урысей МВД-м Налшык къалэмкIэ и Iуэхущапэм Северн э уэрамым щаубыдащ нэхъапэм суд зытращIыхьауэ щыта, 1990 гъэм кьалъхуа, кьалэдэсыр. Ар кьыщащIэм грамм 18,45-рэ хьу вещество удзыфэ кьыкIыхуахащ. Экспертхэм зэрагубыхуамкIэ кьытраха марихуанэ наркотикщ.

А махуэ дыдэм «Юго-Западный» сату щIапIэм деж 1982 гъэм кьалъхуа щалэм Iущхьэ жэпкъым кьыхэщыкIа афиян кьыщыкъуахащ.

ЩIэпхьаджагъэхэм я нэхъыбэр наркотикым итхьэкуэхэм зэралъжьым кьыхэкIыу КъБР-м хуит ямыщIа препаратхэр кьрашэныр щыкIуэм хабзэхьыумэхэм я кьаурр нэхъри хуэзэщIагъэуIэ.

Лей зытехьахэр следствэмкIэ IэнатIэм фыпсалъэ



Урысей Федерацэм и МВД-м Налшык къалэмкIэ и Iуэхущапэм следствэмкIэ и кьудамэр хопльэ 1982 гъэм кьалъхуа Ержьыб Виталий Александр и кьуэр гъэпщагъэ щIэпхьаджагъэхэр илэжьауэ зэрагъэкьуанщэм текуэуа уголовнэ Iуэхум. Иджыпсту ая хьыбаркъэм тепщыхьмэ, республикэм щопсэу 2009 гъэм щыщIэдзауэ иджыри кьызэдэсым Ержьыбым и лей зытехьахэм УФ-м и МВД-м Налшык къалэмкIэ и Iуэхущапэм и Следственнэ управленэм и ССО-м фыпсалъэну мы телефонэмкIэ: 49-45-46, 49-41-02, 49-44-94.

Хъыбар гуэр фщIэмэ!



КъБР-мкIэ МВД-м Уголовнэ къэпльхьэныгъэмкIэ и Iуэхущапэм кьыкIэлъыхьуэ хьыбарыншэу кIуэда Муртазовэ Келимат Исхьэкъ и пхыр. Ар 1973 гъэм кьалъхуащ, Шэрэдж куэйм кьыхьэ Балъкъэр Ипщэ къуажэм Умаевым и цIэр зезыхьэ уэрамым тет унэ № 19-м щопсэу. Мы гъэм гъатхэпэм и 3-м унэм дэкIри, кьигъэзэжакьым.

Ми тепльэр: см 158-рэ и льагагъщ, щхьэщ фIыцIэщ и плIэм кьэсу, нэгъуджэ Iульщ, кьуэгъщ, и нэхэр удзыфэщ, дельбенкэ фIыцIэ пщампIэ кьэзыщынфэ тельу, бостей фIыцIэ и льэгуажьэм кьэсу, вакъэ льащхьэ кIыхь плъыжь щыгъынкIэ хьунущ.

Муртазовэ Келимат Исхьэкъ и пхъым и хэщIапIэм щыгуаэзэ щыIэмэ, 49-52-62, 49-51-32, 02 телефонэмкIэ хьыбар евгъэщIэну е полицэм и Iуэхущапэ фпэгъунэгъум зыхуэзгъэзэну дыныволъэIу.

Гъэпцlакlуэм зеумысыж

Урысей Федерацэм и МВД-м Май куейм кIэ и къудамэм и лэжьакIуэхэм зи ныбжь хэкIуэтахэм гъэпцIагъэкIэ едыгъуу хуагъэфащэу 1982 гъэм кьалъхуа, прохладнэдэс цIыхубэр яубыдащ.

Абы гъэпцIагъэкIэ зыIэрыгъэхьэну хэтащ Май кьалэм щыщ цIыхубзым и ахъшэр. Лей зытехьам и ныбжьыр илъэс 80 мэхъу. ЩIэх-цIэхыурэ кьэзырыхьущи, гъэпцIакIуэм социальнэ лэжьакIуэу зигъэльэгъуащ.

А махуэ дыдэм абы 1935 гъэм кьалъхуа цIыхубзым и гъэтIылъыгъэри кьыIущIихьну хэтащ. Мылькур сом мини 4 хьурт.

Шэч зыхуащIым илэжьакIэ зеумысыжьэ икIи апхуэдэ Iуэхум хуэжьэн хуей цIэхъуэ цIхьэуэ-сыгъуэу мылъку гугъуехьым зэрыхэхуар арауэ кьегъэльагъуэ.

Къэрал кIуэцI Iуэхуэхмкlэ мминистерствэу КъБР-м щыIэм и прессIуэхущапIэ.

● НАК-м къет

Террф хьэгъэщагъэхэр къызэпауд

Террорым пэщIэтынымкIэ льэпкъ комитетым (НАК) и хьыбарегъащIэ центрым кьызэрэтамкIэ, КъБР-мкIэ УФСБ-мрэ МВД-мрэ я лэжьакIуэхэм кьэлыхьхьуэныгъэ Iуэхуэхэр щрагъэжьауэ, зэхэсыгъэ Налшык кьалэ и Дагъыстан зэрамым тет гараж боксхэм ящыщ зым кьагъауэ Iэрыщ Iэмэпсымэхэр (СВУ) щагъэхьэзыр лабораторэ кьыщахутащ. Подвал зиIэ гаражым и кIуэцIыр кьыщапльыхьым СВУ хьэзыру 9, бомбэхэр щагъэхьэзырыгIэ ирахьэлIэ пкъыгъуэхэр, кьэуэнкIэ щынагъуэ зыпылъ зэхэлъхэр, Iэмэпсымэхэр кьыщIагъуэтащ.

НАК-м кьызэригъэльэгъуэмкIэ, кьагъэсэбэпыну хьэзыр СВУ-хэр тротил килограмм 100-м хуокIуэ. Экспертхэм кьызэралытэмкIэ, апхуэдэ льэщагъыр кьэуаем, псэупIэ хьэблэ гъурхынкIэ хьунут.

ЯIэ хъыбарымкIэ, бандитхэм Налшык кьалэ диверсие-террор хьэгъэщагъэхэр щагъэхьэзырырт. Iэщэкъэ зэщIэуэзэда бзаджащэхэм я гурыIуэгъэ, а Iэмэпсымэхэр цIыху куэд щыгъэхуэсэ щIыпIэхэм терактхэр щызэрахьэнчи хуащIат.

Iэмал зимыIэ следствэ Iуэхуэхэр зэфIаха иужь, СВУ-хэр щынагъуэнщI щIыпIэм яшэрн, кьагъэхуэ.

НАК-м кьыхсгъэщ и чэзум «IэнатIэхэм и лабораторэр» зэрагъэкIуэдам, хьэзыр СВУ-хэр щынагъуэнщэу зэращам и фIыгъэкIэ Налшык щалэжьыну террор зыбжанэ кьызэрэпзэпаудар, цIыху куэдым я гъащIэр кьызэрырагъэлар.

КъБР-м и ТхакIуэхэм я союзым Урысейм и ТхакIуэхэм я союзым хэт **БакIуэ Хьэнджэрий Ильяс и кьуэм** хуогузаво абы и кьуэш **Джэрий** зэрыIам кьыхэжIыу.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

Жылаэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖЬэКIэмыхьу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **ГъущIэ Зариф, Истэпан Залинэ, Къардэн Маритэ, Хьэжыкъарэ Алик.**

КъыдэзыгъэкIэжрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ кьыдагъэкI.

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5, епщIанэ къат.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КъУДАМ ЗХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Iуэхуэхмкlэ - 42-22-86; кьуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 47-22-63, 42-57-59; щIэхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьэмэ Iуэхуэ1апIэхэм ядэлажьэнымкIэ - 42-60-53; хьыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; еГъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; здэлэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущ1апIэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыкъа бжыгъэхэм, кьыщаIэта Iуэхуэхуэхэм я нжьагъыкIэ ахэр зытехьэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэныту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдгъэм яхуэхьыныр и щIэ дольщ КъБР-м федеральнэ нощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел: 76-01-28, 76-01-10.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м Печатным и хэнтыныгъэр хьумэныкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущапIэм №Н-0065-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ кьыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.

КъБР, Налшык къалэ, Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Дышэкl Соня, редактору Гъущlэ Зариф, корректорхэу Афэ Тамарэ** *(2, 4-нэ нап.),* **Пхытlокl Юрэ** *(1, 2-нэ нап.), корректорхэм я дзэныкъуэгъу* **Мырзэкъан ФатIимэ.** *КомпьютеркIэ газетым и теплъэр щIадзащ* **Дол Маринэ, Щомахуэ Марианнэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэ.**

Номерыр "Адыгэ псалъэм" и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ тридзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 5.000● Заказ №692